

Inzira ishikana kuri COVIDSafe Australia

COVIDSAFE

Ibihugu n'intara bizogendera ku bihe bitandukane bivanye n'ukugene ibintu bimeze

Reta y'igihugu cose izogenda irasubiramwo ingene intambuko zigenda uko amayinga atatu aheze

Intambuko ya 1

Kwongera kwugurura COVID safe bizotangurana n'uguhana inta hagati y'abantu babiri hamwe n'ukugira isuku

Wemerewe gushika ku bantu batanu mu rugo iwawe

Imibonano y'abantu bashika kuri 10 hanze y'1 muhira

Gukorera muhira nimba bikunda kuri wewe hamwe no ku mukoresha wawe

Amegeranirizo y'ibitabu, ibibuga vyo gukinirako mu bibano, hamwe n'aho bagirira ibikorane biruguruwe

Abo muri Australia barashobora gukora ibindi vyinshi:

- Kuja gusuma
- Kuja mu buriro n'aho abantu baturira kunywa ikawa
- Kudandaza amazu & kugurisha icamunara
- Ibibuga vyo gukinirako vyo mu micungararo
- Aho abantu bakambika hanze y'amazu
- Ingendo zo mu micungararo no mu ntara

Intambuko ya 2

Ibikorwa vyinshi biruguruwe ariko hagumaho uguhana inta hagati y'umuntu n'uwundi, hamwe n'ukugira isuku

Gukoranira hamwe gushika ku bantu 20 hanze y'1 muhira

Gukorera muhira nimba bishoboka kuri wewe no ku mukoresha wawe

Abo muri Australia barashobora no gukora ibirengeye abo bantu :

- Amazu yo kwintonoreramwo imitsi
- Amazu yo kwiBeauty therapists
- Amazu yo kurabiramwo amareresi, amazu yo gukinira mwo ivyese canke yo kwinezererezamwo , aho kuruhukira
- Aho kudandariza n'amazu y'amaratiro y'ivyava kera
- Ingendo zimwe zimwe zirengana imbibe z'igihugu zija mu kindi

Ibihugu n'intara barashobora kwemera ko abantu barenga abo bakorana mu bihe bimwe bimwe

Intambuko ya 3

Abo muri Australia bose basubira ku kazi ariko bakagumizaho uguhana inta hagati y'umuntu n'uwundi hamwe n'isuku

Ibikorane bishitsa abantu 100

Cusubira ku kazi aho abakozi bahoze bakorera

Kwiyumvira kujabuka -Tasman, ingendo zija mw'izinga rya Pacific hamwe n'abanyeshuri biga mu bindi bihugu bakagenda canke bakinjira

Abo muri Australia barashobora gukora n'ibirengeye ivyo kubonana n'abantu 100:

- Aho barira
- Ama Sauna n'amazu bogeramwo
- Ingendo zose ziba hagati y'igihugu n'ikindi

Ibihugu n'intara barashobora kwemera abantu barengeye ijana guhura mu bihe kanaka

Ico Abo muri Australia bashobora gukora kugira ngo ivyo bigende neza **COVIDSAFE**

Uruhara rw'uwo ari we wese



Guhana inta
y'imetero
1.5 hagati
y'umuntu
n'uwundi



Kuguma
ukaraba
amaboko



Kwimenye
reza
kugirira
isuku
amahaha



Kuguma
muhira iyo
umuntu
arwaye



Kuvoma
COVIDSafe app

Imishinge y'amagara y'abantu



Ugupima abantu



Kuduza uburyo bwo
kumenya abantu begeranye
n'abanduye



Ukugene Abajejwe
amagara y'abantu bo
mu micungararo
bavyifatamwo

Gukingira ba magara make



Abantu basanzwe ari ba magara make bategerezwa kubandanya baguma i muhira aho bishoboka, kwirinda gufata ingendo zija mu mvukira, no mu bibano vy'izinga ry'aba Torres Strait, gukuraho inzitizi z'ukwitwararika abakuze mu myaka bivanye n'ukuba nkenerwa kw'abantu b'umuryango n'ibibano babonana